

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pikeun urang Sunda, boh nu dumuk di Jawa Barat boh di saluareunana, basa Sunda téh mangrupa basa indung. Hasil tina kamekaran basa ti mangsa ka mangsa ngalahirkeun basa Sunda anu dipikawanoh ku urang ayeuna. Sok sanajan kitu, basa Sunda nu jadi basa indung teu ngajamin éta basa mampu salawasna nanjeur, komo deui tina ranah séjén anu leuwih kompléks (Maghfiroh spk., 2024, kc. 79). Kamekaran kabudayaan urang Sunda salawasna bakal sajalan jeung kamekaran basa Sunda.

Basa mangrupa salasahiji aspék penting tina idéntitas budaya hiji komunitas (Rahmawati & Wibowo, 2024, kc. 115). Kahirupan basa Sunda raket patalina jeung kahirupan sosial budaya masarakat anu makéna, sahingga jadi sarana pikeun ngamekarkeun budaya Sunda (Sudaryat spk., 2007, kc. 2). Salian ti éta, basa Sunda boga peran minangka basa daérah anu kahirupanana dijamin ku nagara. Luyu jeung UUD 1945 (hasil amandemen), Bab XIII, Pasal 32, Ayat 2, anu nétélakeun yén *“Negara menghormati dan memelihara bahasa daerah sebagai kekayaan budaya nasional”*. Kiwari, pikeun ngajaga kalumangsungan hirup huripna basa Sunda, Pemda Propinsi Jawa Barat ngaluarkeun Perda Nomer 5 taun 2003 ngeunaan *“Pemeliharaan Bahasa, Sastra, dan Aksara Daérah”*. Luyu jeung éta hal, écés basa Sunda miboga fungsi anu kacida pentingna.

Basa mangrupa sarana interaksi nu dipaké ku manusa dina komunikasi (Wulandari spk., 2024, kc. 75). Kalungguhan basa sacara umum bisa ditilik tina rupa-rupa perspektif, kaasup sosiolinguistik, psikologi, pendidikan, jeung budaya. Aspék-aspek nu ngajelaskeun kalungguhan basa sacara umum, di antarana waé, minangka alat komunikasi, sarana ngawangun jatidiri, alat sosialisasi jeung integrasi sosial, alat pendidikan jeung pangajaran, sarana éksprési kréatif jeung seni, instrumén kakawasaan jeung politik, alat ngamumulé jeung ngamekarkeun budaya, sarta sarana panalungtikan jeung élmu pangaweruh.

Kahiji, minangka alat komunikasi, basa dipaké pikeun komunikasi antar individu dina hiji masarakat. Ieu hal teu leupas tina fungsi utama basa salaku pakakas komunikasi atawa pakakas nu dipaké pikeun nepikeun ide atawa gagasan nu teu leupas tina hirup kumbuh sapopoé (Aras, 2022, kc. 350). Ku ayana basa, manusa ngutarakeun pikiran, rasa, ide, jeung informasi. Komunikasi nu éféktif gumantung kana kamampuh ngagunakeun basa kalawan bener. *Kadua*, minangka sarana ngawangun jatidiri (identitas), basa miboga fungsi salaku pananda idéntitas individu jeung kelompok. Dialék, aksén, jeung pilihan kecap bisa nunjukeun asal-usul géografis, kasang tukang sosial, sarta budaya hiji jalma. Basa mangrupa bagian integral tina idéntitas budaya jeung étnis. *Katilu*, minangka alat sosialisasi jeung integrasi sosial, basa miboga peran penting dina prosés sosialisasi, nepi ka individu diajar norma, ajén, jeung budaya masarakatna. Ku ayana basa individu bisa ngayakeun interaksi jeung integrasi dina komunitas sarta ngawangun hubungan sosial. *Kaopat*, minangka alat pendidikan jeung pangajaran, basa mangrupa médium utama dina prosés pendidikan jeung pangajaran. Basa jadi alat utama dina prosés transfer élmu ti guru ka siswa sarta méré fasilitas kana pamahaman konsép nu kompléks. Basa nu digunakeun dina pendidikan mindeng jadi standar di masarakat. *Kalima*, minangka sarana ékspresi kréatif jeung seni, basa digunakeun salaku alat ékspresi dina wangun seni, saperti sastra, puisi, drama, jeung musik. Kréatifitas dina ngagunakeun basa méré kasempetan ka panulis, pangarang, penyair, jeung seniman pikeun ngaékspresikeun ide nu unik sarta ngirut. *Kagenep*, minangka instrumén kakawasaan jeung politik, basa mineng digunakeun pikeun alat politik pikeun mangaruhan, ngontrol, jeung ngarahkeun masarakat. Rétorika, propaganda, jeung biantara politik mangrupa conto basa digunakeun pikeun alat kakawasaan. *Katujuh*, minangka alat ngamumulé jeung ngamekarkeun budaya, basa mangrupa alat pikeun nyalurkeun budaya. Ku ayana basa, tradisi, sajarah, sarta nilai-nilai budaya nu diturunkeun ti generasi ka generasi. Basa ogé jadi alat pikeun ngamekarkeun kabudayaan ngaliwatan inovasi jeung parobahan. *Kadalapan*, minangka sarana panalungtikan jeung élmu pangaweruh, basa mangrupa alat utama dina panalungtikan jeung kamekaran élmu pangaweruh. Ku ayana basa, hasil

panalungtikan bisa didokuméntasikeun, dipublikasikeun, sarta dikomunikasikeun ka komunitas ilmiah jeung masarakat umum.

Sacara umum, basa boga kalungguhan nu museur kana kahirupan manusa. Basa teu ngan ukur boga fungsi salaku alat komunikasi, tapi ogé salaku sarana anu ngawangun idéntitas, pendidikan, éksprési seni, ngamumulé budaya sarta alat politik jeung ékonomi. Minangka alat pendidikan, basa Sunda jadi mata pelajaran di sakola timimiti SD/MI, SMP/MTs, nepi ka SMA/SMK/MA/MAK. Mata Pelajaran basa jeung sastra Sunda dumasar peraturan Daérah Provinsi Jawa Barat Nomer 5 Taun 2003 ngeunaan “Pemeliharaan Bahasa, Sastra, jeung Aksara Daérah, anu netepkeun Basa Daérah diajarkeun di Pendidikan Dasar di Jawa Barat. Sajalan ogé jeung Peraturan Pamaréntah Républik Indonesia Nomer 19 Taun 2005 ngeunaan Standar Nasional Pendidikan BAB III Pasal 7 Ayat 3 – 8 nu nétélakeun ti SD nepi ka SMA dipaparin pangajaran mulok anu rélévan. Dikuatkeun deui ku Rékoméndasi UNESCO Taun 1999 ngeunaan pemeliharaan basa indung di dunia.

Mata pelajaran basa Sunda museur kana kaweruh basa, sikep basa, jeung kaparigelan basa. Kaweruh basa nyoko kana pemahaman kana adegan basa jeung kabeungharan kecap anu dipiboga. Sikep basa ngalibetkeun sikep positip kana basa jeung cara makéna dina kahirupan sapopoé. Sedengkeun kaparigelan basa nyoko kana kamampuan pikeun ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Éta opat kaparigelan basa téh aya patalina jeung silih deudeul pikeun ngaronjatkeun kamampuan basa sacara gembler.

Minangka salah sahiji aspék tina opat aspék kaparigelan basa, kaparigelan nulis mangrupikeun hal anu penting pikeun dipiboga jeung diajar ku siswa. Tujuanna sangkan siswa mampu ngutarakeun pamadegan, maksud, kahayang nu nyangkaruk dina haté jeung pikiranna. Kaparigelan nulis basa Sunda lamun dilatih bisa jadi bekel anu kacida gedé mangpaatna pikeun siswa dina nyanghareupan kahirupan nu bakal datang dina hirup kumbuh di masarakat.

Kagiatan nulis raket patalina jeung kagiatan nyarita, upamana waé, biantara. Dina prosés pangajaran, saméméh nulis siswa nyusun heula tulisan nu mangrupa téks biantara. Palebah dieu, kagiatan nulis jadi dadasar pikeun kagiatan nyarita.

Para siswa bisa dilatih nyusun téks biantara, tuluy dilatih midangkeun éta téks dina kagiatan biantara. Téks biantara anu disusun ku siswa di sakola ngandung runtuyan kalimah-kalimah. Sangkan téks biantara gampang dipikaharti, kitu deui waktu dipidangkeun dina kagiatan biantara, kalimah-kalimah anu disusun kudu puguh tur bener guluyuranana. Ari sababna, runtuyan kalimah-kalimah dina téks biantara ngabogaan struktur atawa adegan nu tangtu.

Latihan nulis téks biantara bisa dilaksanakeun ku para siswa di sakola mana waé. Patali jeung kaparigelan nulis téks biantara, bisa dilaksanakeun di sakola-sakola, di antarana waé, di SMPN 2 Katapang Kabupatén Bandung. Najan kitu, ieu panalungtikan henteu ngukur kamampuh siswa dina nulis téks biantara, tapi nalungtik kalimah-kalimah anu digunakeun dina téks biantara.

Ulikan ngeunaan kalimah basa Sunda dina hiji téks lain hal anu anyar, tapi kungsi dilaksanakeun saméméhna. Panalungtikan ngeunaan struktur kalimah pernah dilakukeun, di antarana waé, “Adegan Kalimah Rangkepan dina Téks Warta Tarjamahan Siswa Kelas XI-IPA 2 SMA Negeri 14 Bandung taun ajar 2021/2022” (Darnasutisna, 2022). Lian ti éta, aya panalungtikan ngeunaan “Kalimah Basa Sunda dina Téks Prosa Sunda Buhun Abad ka-16 nu ngagunakeun ulikan struktur jeung semantis” (Nurwansah, 2015); “Adegan Kalimah Basa Sunda dina Téks Warta Siswa Kelas VIII SMPN 44 Bandung taun Ajar 2020/2021” (Setiawati, 2021), “Adegan Kalimah Basa Sunda dina Tarjamah Qur’an anu ngagunakeun Analisis Struktur jeung Sémantik (Rohilah, 2012). Auliya & (2020) nalungtik ngeunaan Struktur Kalimat Basa Sunda dina Artikel Siswa. Kitu deui, Setiawati jeung Sudaryat (2013) nu nalungtik “Kontruksi Kalimat Singget Basa Sunda ngagunakeun Ulikan Struktur jeung Ma’na dina Majalah *Manglé*”. Najan kitu, can aya panalungtikan ngeunaan struktur kalimah dina karangan teks biantara basa Sunda. Kukituna, panalungtikan anu judulna “Struktur Kalimah Basa Sunda dina Téks Biantara Karangan Siswa Kelas IX SMPN 2 Katapang Kabupatén Bandung” dilaksanakeun.

1.2 Identifikasin jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang masalah, kapanggih sawatara masalah anu kudu diidentifikasi jeung ditarékahan pikeun manggihan solusina. Panalungtik ngaidéntifikasi sababaraha masalah, di antarana waé:

- a. aya rupa-rupa wangun kalimah dina téks biantara basa Sunda karangan siswa kelas IX SMPN 2 Katapang Kabupatén Bandung; jeung
- b. struktur fungsional unsur-unsur kalimah jeung struktur tagmémik (fungsi, kategori sintaksis, peran semantis) kalimah dina téks biantara basa Sunda karangan siswa kelas IX SMPN 2 Katapang Kabupatén Bandung.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, masalah panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya di handap.

- a. Wangun kalimah naon waé nu aya dina téks biantara basa Sunda karangan siswa kelas IX SMPN 2 Katapang Kabupatén Bandung?
- b. Kumaha struktur fungsional unsur-unsur kalimah jeung struktur tagmémik (fungsi, kategori sintaksis, peran semantis) kalimah dina téks biantara basa Sunda karangan siswa kelas IX SMPN 2 Katapang Kabupatén Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan kabagi kana dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus anu baris dijéntrékeun masing-masing di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina panalungtikan ieu nyaéta pikeun ngadéskripsikeun wangun jeung struktur kalimah dina téks biantara basa Sunda karangan siswa kelas IX SMPN 2 Katapang Kabupatén Bandung.

1.3.2 Tujuan Khusus

Tujuan khusus tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nalungtik jeung ngajelaskeun dua hal, nyaéta:

- a. wangun kalimah dina téks biantara basa Sunda karangan siswa kelas IX SMPN 2 Katapang Kabupatén Bandung; jeung
- b. struktur fungsional unsur-unsur kalimah jeung struktur tagmémik (fungsi, kategori sintaksis, jeung peran semantis) dina téks biantara basa Sunda karangan siswa kelas IX SMPN 2 Katapang Kabupatén Bandung.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Aya opat mangpaat nu dipiharep tina ieu panalungtikan nyaéta mangpat tioritis, mangpaat praktis, mangpaat kawijakan, jeung mangpaat isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Manfaat Tioritis

Mangpat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan élmu ngeunaan struktur kalimah nu kapanggih dina karangan téks biantara basa Sunda siswa kelas IX SMPN 2 Katapang, anu gedé gunana pikeun analisis sintaksis tur digunakeun ku panalungtik séjén salaku bahan rujukan jeung méré wawasan nu leuwih jero ngeunaan kasulitan nu kaalaman ku panyatur basa dina nyusun kalimat nu bener sacara struktural sarta bisa digunakeun pikeun ngamekarkeun metode pangajaran basa nu leuwih éféktif.

1.4.2 Manfaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat hususna pikeun nu nalungtik, dunya atikan, jeung masarakat.

- a. pikeun siswa, ieu panalungtikan bisa jadi bahan ajar ulikan siswa dina diajar basa di sakola.
- b. pikeun guru, ieu panalungtikan bisa jadi sumber bahan pangajaran basa Sunda di sakola.

- c. pikeun sakola, ieu panalungtikan bisa dijadikeun rujukan pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis téks biantara jeung ngagunakeun kalimah anu bener tur merenah.
- d. pikeun masarakat, ieu panalungtikan bisa dijadikeun rujukan pikeun ngaronjatkeun pangaweruh sarta kamampuh masarakat dina nyusun téks biantara nu bener tur merenah.

1.4.3 Mangpaat Kawijakan

Hasil tina panalungtikan ieu dipiharep miboga implikasi anu positif pikeun pamaréntah, boh pamaréntah daérah atawa pamaréntah pusat.

1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Mangpaat isu jeung aksi sosial dina panalungtikan ieu nyaéta méré gambaran ngeunaan kabeungharan tata basa Sunda anu kudu dipiara jeung dipaké sangkan basa Sunda tetep nanjeur.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan kabagi kana sababaraha bab, anu diwincik dina pedaran ieu di handap.

Bab I medar ngeunaan Bubuka. Dina ieu bab, dipedar kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II medar ngeunaan Tatapakan tiori, Panalungtikan saméméhna, Raraga mikir. Dina ulikan tiori nu dipedar watesan kalimah, wangun kalimah, struktur kalimah, jeung téks biantara.

Bab III medar ngeunaan Méthode Panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, lokasi jeung sumber data, téhnik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV medar ngeunaan Hasil panalungtikan nu patali jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, katut tiori-tiori dina Bab II.

Bab V Pedaran analisis data dumasar kana hasil panalungtikan nu aya dina Bab IV.

Bab VI medar ngeunaan Kacindekan, Implikasi jeung Rékomendasi. Dina ieu bab, dipedar kacindekan tina hasil panalungtikan katut implikasi jeung rékomendasi anu ditujukeun ka nu nyieun kawijakan jeung pihak séjén anu patali jeung ieu panalungtikan.